



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO TE ANONSE PEYAJ SAN KACH YO AP KÒMANSE SOU PON
ROCKAWAY BRIDGES YO 30 AVRIL**

***Peyaj san Kach yo pral Redwi Blokis epi Amelyore Tan Vwayaj nan Kwazman
Prensipal Rockaway yo Avan Sezon Vwayaj Ete a***

***Chanjman pou Peyaj san Kach la p ap Afekte Pwogram Rabè pou Rezidan
Rockaway yo***

Yo p ap Aksepte Kach Ankò sou Pon an yo Kòmanse Apati 30 Avril

***Nou Ankouraje Pasaje ki Rete Rès Jeton yo pou yo Enskri pou E-ZPass epi yo
pral Elijib pou yo Resevwa Ranbousman pou Jeton yo Rete yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse peyaj san kach la pral kòmanse sou Pon Marine Parkway-Gil Hodges Memorial la ak Cross Bay Veterans Bridges la yo nan Queens apati 30 Avril. Tranzisyon nan peyaj san kach la se yon eleman enpòtan anpil nan plan Gouvènè a pou l reyimajine kwazman New York yo pou yo vin 21èm syèk epi pou redwi blokis ak amelyore tan vwayaj nan kwazman prensipal Rockaway a yo avan sezon vwayaj ete a nan rejyon an. Chanjman pou peyaj san kach la p ap afekte pwogram rabè pou rezidan Rockaway yo.

Kòmanse apati 30 Avril, nou p ap aksepte jeton kach ak jeton metal yo ankò nan okenn pon yo epi nou ankouraje pasaje ki gen rès jeton pon ki rete yo pou yo fè tranzisyon a E-ZPass la epi yo pral elijib pou yo resevwa ranbousman pou valè jeton yo rete yo. E-ZPass pral founi meyè to pou tout chofè yo, ki gen ladan rezidan Rockaway yo. Plan jeton elektwonik oswa E-Token E-ZPass yo pral disponib tou kòmanse 30 Avril 2017.

“Pon Rockaway Bridges la yo se gwo venn nesèsè pou kominote Queens lan epi nou ap pran mezi pou nou redwi blokis, ogmante sekirite epi rasyonnalize trajè nan kwazman sa yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Tranzisyon a peyaj san kach nan pon sa yo se yon etap enpòtan nan plan nou an pou nou reyimajine kwazman Vil New York la yo pou yo vin 21èm syèk epi nou pral kontinye investi nan enfrastrikti transpòtasyon an pou satisfè bezwen jenerasyon Nouyòkè aktyèl ak sa k ap vini yo.”

Peyaj sou wout sikilasyon lib la yo ap fini nan tout pon ak tinèl MTA (Metropolitan Transportation Authority) yo avan fen ane 2017 la. Kalandriye tou final yo prezante konsa:

- Pon RFK – Ete 2017
- Pon Verrazano-Narrows – Ete 2017
- Pon Throgs Neck – Otòn 2017
- Pon Bronx-Whitestone – Otòn 2017

Pon Rockaway Bridges yo rejwenn ak pon Henry Hudson Bridge la, tinèl Hugh L. Carey a ak tinèl Queens Midtown lan yo, kote sansè ak kamera ki pandye sou otowout la yo sou estrikti yo rele “pòtik” (“gantries”) ki li etikèt E-ZPass la yo epi pran foto plak machin yo, pou veyikil yo pa bezwen kanpe pou yo peye frè peyaj yo. Yo pral faktire veyikil ki gen etikèt E-ZPass la otomatikman, epi yo pral anrejistre nimewo plak veyikil ki pa gen E-ZPass yo, epi yo pral voye yon fakti bay pwopriyetè ki gen non l sou imatrikilasyon veyikil la. Etikèt E-ZPass yo ta dwe plase nan vit avan veyikil la sou andedan.

Itilizatè jeton aktyèl yo ka itilize jeton pou peyaj Rockaway Bridge yo jiska 29 Avril 2017. Yo ka al pran ranbousman jeton ki rete yo lè yo ale nan sant san randevou Sant Sèvis Alakliyantèl E-ZPass New York la yo (E-ZPass New York Customer Service Center) epi ranpli yon demann pou ranbousman jeton, oswa yo ka rele 212-360-3000, chwazi opsyon 6 epi mande yon twous ranbousman jeton. MTA Bridges and Tunnels pal voye enfòmasyon ki gen enstriksyon sou kijan pou yo fè tranzisyon soti nan jeton ale nan E-ZPass yo bay itilizatè jeton ki rezidan yo. Itilizatè jeton ki pa rezidan yo ka ale sou mta.info/e-zpass pou yo jwenn plis enfòmasyon epi ouvri yon kont E-ZPass.

Yo prevwa peyaj san kach yo pral pèmèt vwayajè yo ekonomize jiska 21 èdtan nan tan kondwi chak ane. An plis, li redwi emisyon gaz yo epi diminye nan fason konsiderab kantite kabiran chofè yo itilize, ki pa pral gen pou kanpe epi kòmanse tann pou peye gichè peyaj yo ankò. Sa pral konsève anviwon yon milyon galon kabiran epi ekonomize 2.3 milyon dola chak ane.

“Mwen kontan anpil pou m wè Peyaj san Kach la vini sou Rockaway Bridges la yo, epi mwen kwè benefis teknoloji sa a pral amelyore sikilasyon an, redwi blokis epi diminye valè tan vwayaj yo, sa k ap rann li pi fasil pou Nouyòkè yo ale kote yo bezwen ale,” **Veronique Hakim, ki se Direkte Jeneral Pwovizwa MTA a te di.** “Planifikasyon akselere n ap antreprann pou mete Peyaj san Kach nan tout enstalasyon nou yo pandan ane 2017 la souliye angajman Gouvènè a pran pou l invest nan rezo transpò New York la pou satisfè bezwen yon Vil k ap devlope.”

MTA Bridges and Tunnels (MTA B&T) te entwodwi yon kantite pwogram pou rann li fasil pou chofè yo kapab peye frè peyaj yo. Kliyan yo ka enskri pou E-ZPass epi fè ekonomi 30 a 50 pousan sou frè peyaj MTA B&T yo nan MTA.info/E-ZPass menm si yo pa genyen yon machin. Chofè yo ki resevwa yon fakti Peyaj pa Lapòs (Tolls by Mail) kapab peye li sou entènèt sou [sitwèb Peyaj pa Lapòs lan \(Tolls by Mail\)](#); apati lapòs; nan

telefòn; oswa an pèsòn, epi opsyon pèman yo enkli chèk, kat kredi, kont kouran, oswa lajan kach. Kliyan yo ki rele **826 apati yon telefòn mobil, yo pral resevwa yon mesaj tèks ki gen yon lyen pou ale sou sitwèb Peyaj pa Lapòs lan, ak enfòmasyon sou kijan pou yo kreye yon kont Peye Peyaj Kounye A (Pay Toll Now) kliyan ki gen machin lokasyon yo kapab itilize tou.

Pou nou asire tout itilizatè enstalasyon peyaj Pon ak Tinèl MTA yo peye yon kotizasyon ekitab, gen yon seri mezi aplikasyon ki anplas pou lite kont fwod kwonik nan frè peyaj yo. Kliyan ki pa peye frè peyaj yo sijè a frè vyolasyon, sispansyon imatrikilasyon machin yo ak lòt mezi koreksyon ankò. Frè ki peye ta ki akimile yo si gen yon peyaj inisyal ki yo pat peye, ak si yo inyore yon dezyèm avètisman, yo ka enpoze frè vyolasyon yo k ap monte jiska \$100 pou chak vyolasyon peyaj.

Depatman Veyikil a motè Eta New York la (New York State Department of Motor Vehicles) te pwomilge règleman ki pèmèt yo sispann imatrikilasyon otomobilis yo ki pa peye twa frè peyaj, frè vyolasyon, ansanm avèk lòt frè yo te akimile apati vyolasyon ki te fèt nan diferan jou yo, nan lespas yon peryòd senk an, epi yo inyore avètisman otorite peyaj yo plede voye ba yo a yo.

Pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl sou pwèn peyaj san kach kach ak E-ZPass, tanpri vizite [MTA.info/cashless](https://www.mta.info/cashless) oswa rele nan 1-800-333-TOLL (8655).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418